

**MAKNA KONOTATIF WONTEN ING CERITA CEKAK (CERKAK)  
KALAWARTI DJAKA LODHANG WULAN JANUARI-MARET  
WARSA 2014**

***RINGKESAN SKRIPSI***

Kaaturaken dhateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Sarat  
kangge Anggayuh Gelar  
Sarjana Pendidikan



dening  
Dian Ayu Kurniawati  
NIM 14205244024

Yogyakarta, 24 Juli 2018  
Pembimbing,

Dr. Mulayana, M. Hum  
NIP. 19661003 199203 1 002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

**MAKNA KONOTATIF WONTEN ING CERITA CEKAK (CERKAK)  
KALAWARTI DJAKA LODHANG WULAN JANUARI-MARET  
WARSA 2014**

dening  
Dian Ayu Kurniawati  
NIM 14205244024

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika ancasiipun kangge ngandharaken bab makna konotatif wonten ing cerita cekak (cerkak) Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014. Perkawis ingkang kaandharaken inggih menika: jinising makna konotatif, *fungsi* makna konotatif, saha tegesipun makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014.

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif*. *Data* panaliten ingkang dipunpanggihaken awujud tembung ingkang ngewrat makna konotatif. Sumber *data* wonten panaliten inggih menika saking cerkak wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014. Cara ngempalaken *data* inggih menika kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyathet. *Data-data* wonten panaliten menika dipunanalisis kanthi *tahap awal* saha *tahap lanjutan*, lajeng anggenipun ngrembag kanthi cara *deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantis*, wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* kaliyan *reliabilitas interrater*.

Asiling panaliten menika ngandharaken jinis makna konotatif, *fungsi* makna konotatif, saha teges makna konotatif wonten ing cerita cekak (cerkak) Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014. Jinisipun makna konotatif ingkang kapanggihaken wonten enem inggih menika: *konotasi tinggi*, (2) *konotasi ramah*, (3) *konotasi berbahaya*, (4) *konotasi tidak pantas*, (5) *konotasi kasar*, saha (6) *konotasi keras*. *Fungsipun* makna konotatif ingkang kapanggihaken wonten ing cerita cekak (cerkak) Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 inggih menika *konotasi tinggi* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung endah, mujudaken tuturan langkung alus, saha nyangetaken kahanan. *Konotasi ramah* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung alus saha mujudaken tuturan langkung *akrab*. *Konotasi berbahaya* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung alus. *Konotasi tidak pantas* gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes. *Konotasi kasar* gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos nesu dhateng tiyang sanes. *Konotasi keras* gadhah *fungsi* kangge nyangetaken kahanan saha nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes.

Pamijining tembung: *makna konotatif*, cerkak, Djaka Lodhang.

## A. PURWAKA

Basa minangka salah satunggaling piranti *komunikasi* saha *interaksi* saking tiyang setunggal dhateng tiyang sanesipun saged awujud *lisan* utawi seratan. Basa dipunginakaken kangge ngandharaken *ide, gagasan*, saha raos saking panutur dhateng *mitra tutur*. Wonten ing karya sastra, basa dipunginakaken panganggit kangge ngandharaken babagan prastawa, cariyos, saha raos tartamtu dhateng pamaos.

Panganggening basa wonten ing karya sastra gadhah titikanipun piyambak. Basa karya sastra menika asiling *kreatifitas* saking panganggit. Panganggit padatanipun ngginakaken basa saha tetembungan ingkang endah supados saged narik kawigatosanipun pamaos. Panganggit kathah ngginakaken basa rinengga utawi tetembungan ingkang endah, tetembungan ingkang taksih winates panganggenipun saha asring ngginakaken tetembungan ingkang ngemu teges boten kados sejatosipun.

Panganggening tembung ingkang trep saha endah saged nuwuhaken *imajinasi* saking pamaos. Ananging ing kasunyatanipun, wonten pamaos ingkang boten mangertos menapa teges saking tetembungan utawa basa ingkang dipunginakaken dening panganggit. Amargi perkawis menika wonten pamaos ingkang boten saged paham kaliyan cariyosipun saengga boten saged mendhet *amanat* ingkang badhe dipunaturaken dening panganggit.

Adhedhasar andharan menika saged dipunpendhet wosing perkawis panaliten inggih menika:

1. Menapa kemawon jinisipun makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014?
2. Kadospundi *fungsi* makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014?
3. Menapat teges makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014?

## **B. GEGARAN TEORI**

### **1. Pangertosan Semantik**

Semantik inggih menika perangan *struktur* basa ingkang gayut kaliyan makna *ungkapan* saha *struktur* makna saking wicara. Makna inggih menika maksud saking pawicantenan, *pengaruh satuan* basa ing pemahaman *persepsi* saha tindak tanduk mawi *individu* utawi kelompok (Kridalaksana, 2001). Dene miturut Tarigan (1985: 7) semantik menika *telaah* lambang-lambang utawi tandha-tandha ingkang nyebutaken makna, gayutipun makna setunggal kaliyan makna sanesipun, saha daya pangribawanipun dhateng manungsa saha masarakat. Semantik menika raket gayutipun kaliyan makna ingkang dipunginakaken dening masarakat panutur.

### **2. Makna**

Makna inggih menika gegayutan antawisipun perangan basa, mliginipun tembung (Fatimah, 1993: 5). Dene miturut Kridalaksana (2001) makna inggih menika andharan saking pawicantenan utawi tindak tandhukipun tiyang mawi *individu* utawi kelompok ingkang gadhah *pengaruh satuan* basa satemah saged mujudaken *persepi* ingkang beda-beda saben mitra tutur.

### **3. Makna Konotatif**

Kajian wonten ing ngelmu semantik inggih menika perkawis ingkang gayut kaliyan makna, salah satunggaling inggih menika makna konotatif. Miturut Aminuddin (1988: 88) makna konotatif inggih menika makna ingkang tembungipun pikantuk wuwuhan *rasa*. Makna konotatif ugi saged dipunwastani makna wuwuhan. Makna konotatif kadhapuk saking *asosiasi rasa* pamicara saking tembung ingkang kepireng utawi dipunwaos.

### **4. Jinisipun Makna Konotatif**

Tarigan (1985: 60) ngandharaken bilih ragam konotasi menika saged kaperang dados kalih, inggih menika:

#### **a) Konotasi baik**

Tembung ingkang ngemu *konotasi baik* dipunanggep ngemu raos ingkang endah, inggil, sae, saha sopan dening masarakat. *Konotasi baik* saged kaperang dados kalih jinis, inggih menika 1) *konotasi tinggi* saha 2) *konotasi ramah*.

#### 1) *Konotasi tinggi*

Miturut Tarigan (1985: 61) tembung ingkang ngemu *konotasi tinggi* asring awujud tetembungan sastra utawi tetembungan *klasik*. Panganggening tembung ingkang ngemu *konotasi tinggi* saged nuwuhaken raos langkung inggil saha endah menawi dipunwaos utawi dipunpirengaken. Tembung *asing* utawi tetembungan ingkang taksih winates panganggenipun ugi saged nuwuhaken raos langkung inggil utawi raos *segan*.

2) *Konotasi ramah*

*Konotasi ramah* inggih menika tembung-tembung ingkang asalipun saking basa padintenan awujud basa dhaerah utawi basa dhialek. Panganggening *konotasi ramah* ing masarakat saged nuwuhaken raos langkung *akrab* saha boten *canggung*.

**b) *Konotasi Tidak Baik***

*Konotasi tidak baik* menika saged kaperang dados gangsal inggih menika: 1) *konotasi berbahaya*; 2) *konotasi tidak pantas*; 3) *konotasi tidak enak*; 4) *konotasi kasar*; saha 5) *konotasi keras*.

1) *Konotasi berbahaya*

*Konotasi berbahaya* inggih menika tembung-tembung ingkang wonten gayutipun kaliyan kapitadosan masarakat tumrap babagan ingkang ngemu sipat *magis*. Panutur kedah ngendika ngatos-atos ing wekdal utawi papan tartamtu supados boten wonten kadadosan ingkang saged nuwuhaken bebaya dhateng masakat utawi panutur piyambak.

2) *Konotasi tidak pantas*

*Konotasi tidak pantas* inggih menika tembung-tembung ingkang kedah boten dipunandharaken dening panutur. Tembung-tembung ingkang ngemu *konotasi tidak pantas* saged nuwuhaken raos boten sopan utawi raos boten sae menawi katunjukaken dhateng tiyang sanesipun.

3) *Konotasi tidak enak*

*Konotasi tidak enak* inggih menika salah satunggaling jinising konotasi ingkang gayut kaliyan pagesangan wonten ing masarakat. Tembung-tembung ingkang kirang sae menawi dipunandharaken wonten ing masarakat dados kirang trep utawi kirang sae menawi dipunpirengaken. Tembung ingkang ngemu *konotasi*

*tidak enak* menika tembung-tembung ingkang saged nuwuhaken raos *tidak enak* saking *mitra tutur*.

#### 4) *Konotasi kasar*

*Konotasi kasar* inggih menika tembung-tembung ingkang asring dipunginakaken dening *rakyat jelata* utawi asor. Menawi tembung menika dipunandharaken dening panatur saged nuwuhaken raos kasar. Padatanipun tetembungan menika asalipun saking basa dhialek. *Konotasi kasar* asring ugi dipunginakaken dening tiyang ingkang saweg nesu.

#### 5) *Konotasi keras*

*Konotasi keras* inggih menika tembung-tembung utawi *ungkapan* kanthi ancas kangge nyangetaken kahanan. Menawi dipuntingali saking *segi teges* tembung ingkang ngemu tuturan kanthi ancas nyangetaken kahanan dipunwastani tembung *hiperbola*, menawi dipuntingali saking *segi nilai rasa* utawi konotasi saged dipunsebut *konotasi keras*. Babagan ingkang boten umum dipunandharaken saged ngginakaken tembung panandhing utawi tembung *kiasan* ingkang sipatipun nyangetaken kahanan.

### 5. **Fungsi Makna Konotatif**

Basa ingkang dipunginakaken wonten ing karya sastra mliginipun cerkak menika saged paring daya pangaribawa saha *respons* saking pamaos. Pamaos saged mangertosi wosipun saha *amanat* saking panganggit bilih basa ingkang dipunginakaken menika sae saha trep. Pamaos saged mangertos menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi panganggening basa ingkang gampang dipunpahami. Ananging wonten ing kasunyatanipun, panganggit asring ngginakaken basa utawi tembung ingkang taksih winates panganggenipun, basa klasik utawi ngginakaken tembung ingkang gadhah teges boten sejatoipun utawi makna konotatif. Perkawis menika damel pamaos boten mangertos tegesipun utawi *fungsi* saking tetembungan menika.

#### a. **Mujudaken tuturan ingkang langkung endah**

Titikanipun tembung ingkang nedahaken bilih makna konotatif mujudaken tuturan ingkang langkung endah inggih menika ngginakaken tetembungan ingkang

kalebet ing basa rinengga. Basa rinengga padatanipun ngginaken purwakanthi, basa sastra utawi basa *klasik*.

**b. Mujudaken tuturan langkung alus**

Makna konotatif wonten ing cerkak ingkang nedahaken *fungsi* kangge mujudaken tuturan supados langkung alus saged katitik saking ragam krama/ alus ingkang dipunginakaken. Tingkat tutur ing basa Jawa ingkang inggil inggih menika ragam krama/ alus. Ragam krama/ alus gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos sopan ingkang inggil.

**c. Mujudaken tuturan langkung akrab**

Miturut Tarigan (1985: 63) tiyang gesang ing masarakat *umum* anggenipun ngandharaken pawicantenan ngginakaken basa dhaerah utawi dhialek. Panganggening basa dhaerah utawi dhialek gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan ingkang langkung *akrab* antawisipun panutur saha *mitra tutur*.

**d. Nedahaken raos boten remen tumrap tiyang sanes.**

Pagesangan wonten ing masarakat gadhah *norma-norma* utawi *aturan-aturan* ingkang kedah dipuntindakaken dening sedaya masarakat. *Norma-norma* menika saged awujud basa utawi tindak tanduk. Tarigan (1985: 66) ngandharaken bilih tiyang gesang wonten ing masarakat menika tamtu nate ngandharaken tembung utawi perkawis ingkang kedahipun boten dipunandharaken.

**e. Nedahaken raos nesu tumrap tiyang sanes**

Makna konotatif asring dipunginakaken kaliyan tiyang ingkang saweg nesu. Tiyang ingkang saweg nesu asring ngandharaken raosipun kanthi tetembungan ingkang basanipun kasar. Saged ugi ngginakaken tembung ingkang ngemu *sindiran* dhateng tiyang sanes.

**f. Nyangetaken kahanan**

Makna konotatif asring dipunginakaken kangge nyangetaken kahanan saking panutur dhateng *mitra tutur*. Pradopo (2002: 10) ngandharaken bilih kanthi *teoritis*, tembung ingkang kalebet *hiperbola* saha dwilingga salin swara menika saged dipunginakaken kangge nyangetaken kahanan. Tembung-tembung *hiperbola* menika saged kapanggihaken wonten ing tembung-tembung kanthi konotasi keras. Tembung ingkang boten umum utawi gadhah sipat kangge nyangetaken

kahaman menika saged dipunandharaken ngginakaken tembung panandhing utawi tembung *kiasan*.

## **6. Cerkak wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang**

Kalawarti inggih menika wedalan *berkala* ingkang kedah dipunmangertosi dening pamaos ing salebeting ngandharaken bab *jurnalistik* saha *pandangan topik aktual* (KBBI, 2005: 689-699). Miturut wedalanipun, kalawarti saged kaperang dados tigang jinis inggih menika: (a) kalawarti bulanan; (b) tengah bulanan; (c) saha mingguan. Kalawarti Djaka Lodhang inggih menika salah satunggaling kalawarti mingguan ingkang ngginakaken basa Jawi minangka *media penyampaian*. Kalawarti Djaka Lodhang menika ngemu artikel awujud jagading lelembut, cerita cekak (cerkak), cerita sambung (cerbung), sastra saha budaya, lan sapanunggalanipun.

## **7. Panaliten ingkang Jumbuh**

Panaliten ingkang saged dipunginakaken kangge *referensi* ingkang jumbuh inggih menika panaliten kanthi irah-irahan “*Makna Konotasi dalam Antologi Cerkak Sandhal Goreng*” ingkang dipunserat dening Yogi Mulanto taun 2008 mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa. Panaliten sanesipun inggih menika panaliten *skripsi* anggitanipun Pratiwi Indri Utami taun 2007 kanthi irah-irahan “*Kajian Inferensi dalam Rubrik Aneka Pojok Majalah Panjebar Semangat edisi Oktober-Desember 2010.*”

## **C. CARANING PANALITÈN**

Jinising panaliten ing panalitenan menika ngginakaken panaliten kanthi *deskriptif* inggih menika panaliten kanthi ngempalaken data awujud tembung-tembung, gambar, saha boten awujud angka (Moleong, 2002: 6). Sumber data inggih menika *subjek* saking data ingkang dipunkempalaken (Arikunto, 2006: 129). Data ingkang dipunkempalaken ing panaliten inggih menika tembung ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 ingkang ngemu makna konotatif. Kalawarti Djaka Lodhang menika kalebet kalawarti mingguan, inggih menika kalawarti ingkang *terbit* saben seminggu sepisan. *Rubrik* cerkak menika padatanipun ngamot 4-5 irah-irahan saben wulan. Saengga sumber data wonten ing panaliten menika cacahipun 12 irah-irahan cerkak.

Panaliten menika ngginakaken cara ngempalaken data kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyathet. *Teknik* maos inggih menika panaliti maos sedaya cerkak wonten ing kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 sinambi madosi tembung ingkang ngemu makna konotatif. Salajengipun tembung-tembung menika *dikonfirmasi* kaliyan teorinipun bab jinising makna konotatif saha *fungsi*sinipun makna konotatif miturut *konteks* ukaranipun. Asiling maos ingkang trep kaliyan teori makna konotatif, gayut kaliyan jinising makna konotatif saha *fungsi* makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 menika salajengipun dipunserat minangka data panaliten.

*Instrumen* ingkang dipunginakaken inggih menika panaliti piyambak (*human instrumen*). Tegesipun *human instrumen* inggih menika ingkang dados *instrumen* wonten ing panaliten inggih menika panaliti piyambak. Panaliti gadhah *fungsi* memtokaken *fokus* panaliten, ngempalaken data, ngalisis data, *menafsirkan data*, saha damel dudutan saking asiling panaliten.

*Uji validitas* wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih menika *menafsirkan* data kanthi nggatosaken *konteks*ipun. Wondene jinisipun *reliabilitas data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas interrater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika cara maos sumber data ingkang sami kaping kathah supados pikantuk data ingkang sami. *Reliabilitas interrater* inggih menika pikantuk pamrayogi saking tiyang sanes, wonten ing panaliten inggih menika dosen pembimbing.

#### **D. ASILING PANALITEN**

Saking tabel data ing nginggil saged dipunmangertosi bilih wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 menika dipunpangguhaken jinising makna konotatif saha *fungsi*sinipun makna konotatif. Jinising makna konotatif ingkang saged kapanggihaken wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 wonten enem jinis, inggih menika: (1) *konotasi tinggi*; (2) *konotasi ramah*; (3) *konotasi berbahaya*; (4) *konotasi tidak pantas*; (5) *konotasi kasar*; saha (6) *konotasi keras*.

*Fungsipun* makna konotatif ingkang kapanggihaken wonten ing cerkak kalawart Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 inggih menika: (1) *konotasi tinggi* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung endah, mujudaken tuturan langkung alus, saha nyangetaken kahanan; (2) *konotasi ramah* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung alus saha mujudaken tuturan langkung akrab; (3) *konotasi berbahaya* gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung alus; (4) *konotasi tidak pantas* gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes; (5) *konotasi kasar* gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos nesu dhateng tiyang sanes; saha (6) *konotasi keras* gadhah *fungsi* kangge nyangetaken kahanan saha nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes.

Supados langkung cetha anggenipun ngandharaken asiling panaliten bab jinising makna konotatif, *fungsipun* makna konotatif saha tegesipun makna konotatif wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 badhe dipunandharaken wonten ing pirembagan ngandhap menika.

**a. *Konotasi tinggi ingkang gadhah fungsi mujudaken tuturan langkung endah.***

- (1) ‘Nangung sanajan mangkono atine Yasin tetep goreng, awit Ermin **gegantilane ati** durung katon teka, sanajan wis kliwat jam wolu.’ (KNN/15/4)

Data (1) gadhah tembung ingkang kalebet tembung *konotasi tinggi* inggih menika awujud tembung **gegantilane ati**. Tembung **gegantilane ati** kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi tinggi* amargi tembung menika taksih winates panganggenipun. Panganggening tembung ingkang taksih winates menika kalebet salah satunggaling titikanipun bilih tembung menika kalebet ing *konotasi tinggi*. Perkawis menika nedahakaken bilih tembung **gegantilane ati** saking data (1) menika ngemu makna konotatif ingkang jinisipun *konotasi tinggi*.

Panganggening tembung ingkang taksih winates nuwuhaken raos ingkang langkung inggil saha endah. Tembung **gegantilane ati** ngemu raos langkung endah amargi tembung menika kalebet ing tembung ingkang taksih winates panganggenipun. Tembung **gegantilane ati** ugi nuwuhaken raos ingkang langkung

inggil menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung pacang. Miturut Kamus Basa Jawa (*Bausastra Jawa Edisi Kedua*) tembung **gegantilane ati** gadhah teges pacang. Dene menawi tembung pacang gadhah teges kanca beda jinis ingkang mirunggan saha gadhah sesambungan batin utawi calon garwa. Miturut perkawis menika tembung **gegantilane ati** wonten ing data (1) ngemu makna *konotasi tinggi* ingkang gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan langkung endah.

**b. Konotasi tinggi ingkang gadhah fungsi kangge damel tuturan langkung alus**

- (2) ‘Kapan-kapan bisa keturutan sing dadi pepinginane ngrajut tresna karo **perawan sunthi** sing ora bisa ilang seka tlapukane.’ (SP/18/2)

Data (2) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung ingkang ngemu *konotasi tinggi* awujud tembung **perawan sunthi**. Tembung **perawan sunthi** kalebet ing *konotasi tinggi* amargi tembung menika kalebet ing basa sastra ingkang taksih winates panganggenipun. Panganggening basa sastra ingkang taksih winates panganggenipun menika kalebet salah satunggaling titikan bilih tembung menika kalebet ing *konotasi tinggi*.

Miturut Kamus Basa Jawa tembung **perawan sunthi** gadhah teges perawan ingkang taksih alit. Tembung menika kalebet ing basa sastra amargi tembung **perawan sunthi** menika kalebet istilah ing basa Jawi. Panganggening tembung menika kangge mujudaken tuturan langkung alus dhateng *mitra tutur*.

Miturut *konteks* ukaranipun tembung **perawan sunthi** dipunandharaken dening Wagiyanto katunjukaken dhateng Srikandhini. Tembung perawan sunthi saged nuwuhaken raos langkung alus menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung perawan cilik utawi perawan alit. Adhedhasar andharan menika tembung **perawan sunthi** wonten ing pethikan cerkak data (2) gadhah fungsi kangge mujudaken tuturan supados langkung alus.

**c. Konotasi tinggi ingkang gadhah fungsi nyangetaken kahanan**

- (3) ‘Ngene ya, Man, sing wis ya wis, pemilu lan kampanye wis bubar, wong cilik mung kari padha **remuk rempu ajur mumur**, saiki awake dhewe sing

akur maneh, dela maneh sukura awake dhewe duwe presiden anyar,” panyelaku. (AMJ/11/4)

Data (3) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung *konotasi tinggi* awujud tembung **remuk rempu ajur mumur**. Tembung **remuk rempu ajur mumur** kalebet ing *konotasi tinggi* amargi tembung menika kalebet ing basa rinengga awujud purwakanthi, inggih menika purwakanthi guru swara mawi [u]. Purwakanthi guru swara [u] wonten ing tembung **remuk rempu ajur mumur** inggih menika **remuk rempu ajur mumur**. Basa rinengga awujud purwakanthi menika kalebet salah satunggaling titikan bilih tembung menika kalebet wonten ing *konotasi tinggi*. Tembung **remuk rempu ajur mumur** gadhah teges sampun **remuk saha rusak**.

Miturut *konteks* ukaranipun tembung **remuk rempu ajur mumur** kangge nyagetaken kahananipun para masarakat alit sasampunipun pemilu. Ukara menika dipunandharaken dening Amir katunjukaken dhateng kanca-kancanipun ingkang saweg pada padu amargi pemilu ingkang sampun kalampahan. Tembung **remuk rempu** dipuntmabahi kaliyan tembung **ajur mumur** menika nedahaken kahanan ingkang sampun rusak utawi bubrah sanget. Miturut *konteks* ukaranipun, tembung **remuk rempu ajur mumur** wonten ing data (3) ngemu tembung *konotasi tinggi* ingkang gadhah *fungsi* kangge nyagetaken kahanan.

**d. Konotasi ramah ingkang gadhah fungsi kangge mujudaken tuturan langkung alus**

- (4) “Pak, ampun emosi, sing ndhawahake kanca kula, nami seg angsal asahagan, seg apes. Kantun sakniki **njenengan** tindak RSUD Temanggung, ngga kula dherekake,” tak aturi mangkono kuwi banjur mupus ora sida nesu, banjur tata-tata tindak menyang rumah sakit.’ (CNB/6/8)

Data (4) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung ingkang kalebet tembung *konotasi ramah* awujud tembung **njenengan**. Tembung **njenengan** kalebet ing *konotasi ramah* amargi tembung menika kalebet ing ragam krama/ alus. Ragam krama/ alus ingkang dipunginakaken menika kalebet ing tingkat tutur ingkang inggil. Panganggening ragam krama/ alus menika salah satunggaling titikan bilih tembung menika kalebet ing jinising *konotasi ramah*.

Miturut *konteks* ukaranipun, panganggening tembung **njenengan** wonten ing pethikan cerkak data (4) katunjukaken dhateng tiyang ingkang dipunkormati, inggih menika tiyang ingkang langkung sepuh. Ukara data (4) menika dipunandharaken dening paraga dhateng tiyang sepuhipun Mardiyah. Satemah, panganggening ragam krama/ alus ingkang dipunginakaken wonten ing data (4) saged nuwuhaken raos ingkang langkung sopan menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung kowe utawi sampeyan. Andharan ing ngginggil nedahaken bilih panganggening tembung **njenengan** wonten ing data (4) kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi ramah* ingkang gadhah *fungsi* kangge mujudaken tuturan supados langkung alus.

e. ***Konotasi ramah ingkang gadhah fungsi kangge mujudaken tuturan langkung akrab***

- (5) “**Enyong** tiba je Har!!” wangsusahae karo isih selonjor ning pinggir aspasaha, gek cayane dadi pucet karo sajak bingung.’

Data (5) pethikan cerkak ing ngginggil ngemu jinis makna *konotasi ramah* awujud tembung **enyong**. Tembung **enyong** kalebet ing *konotasi ramah* amargi tembung **enyong** kalebet ing salah satunggaling basa dhialek wonten ing Jawi. Miturut Bausastra Jawa basa dhialek inggih menika *variasi* basa miturut papan kalenggahanipun saking panutur. Panganggening basa dhialek kalebet salah satunggaling titikanipun bilih tembung menika kalebet ing tembung *konotasi ramah*. Panganggening basa dhialek wonten ing pethikan cerkak menika saged nuwuhaken raos ingkang langkung *akrab* saha boten canggung antawisipun panutur saha mitra tutur.

Miturut *konteks* ukaranipun, tembung **enyong** kalebet ing dhialek Temanggung ingkang gadhah teges aku. Wondene ing cerkak ugi dipunandharaken bilih prastawa ingkang kedadosan menika mapan wonten ing desa Gedangan, Kecamatan Bulu, caketipun gunung Sumbing. Wonten ing cerkak ugi dipunandharaken bilih panutur saha mitra tutur anggenipun pawicantenan ngginakaken dhialek Temanggung. Perkawis menika nedahaken bilih antawisipun panutur saha mitra tutur sampun tepang saha gadhah pasedherekan ingkang sampun caket. Satemah panganggening tembung **enyong** wonten ing data

(5) kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi ramah* ingkang gadhah *fungsi kangge damel tuturan langkung akrab*.

**f. *Konotasi berbahaya ingkang gadhah fungsi kangge damel tuturan langkung alus***

(6) 'Ing papan kono dikabarake dening Bu Rusmiyati, menawa dadi punjere bank duwekke lelembut sing **mbaureksa** Merapi.' (BGWP/3/1)

Data (6) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung ingkang kalebet ing jinising makna *konotasi berbahaya* awujud tembung **mbaureksa**. Tembung **mbaureksa** kalebet ing *konotasi berbahaya* amargi tembung menika gadhah sipat *magis* utawi gaib. Miturut Bausastra Jawa tembung gaib gadhah teges boten ketinggal utawi *samar*. Tembung ingkang gadhah sipat *magis* utawi gaib inggih menika tetembungan ingkang wonten gayutipun kaliyan babagan ingkang boten ketinggal dening netra. Dene tembung **mbaureksa** miturut Bausastra Jawa (*Kamus Basa Jawa Edisi Kedua*) gadhah teges lelembut ingkang njaga utawi lelembut ingkang manggon ing salah satunggaling papan tartamtu.

Miturut *konteks* ukaranipun, tembung **mbaureksa** ing pethikan cerkak wonten ing data (6) inggih menika lelembut ingkang njagi saha manggen wonten ing Merapi. Perkawis menika nedahaken bilih tembung **mbaureksa** wonten ing data (6) pethikan cerkak ing nginggil kalebet ing tembung ingkang ngemu makna *konotasi berbahaya*. Tembung **mbaureksa** wonten ing data (6) gadhah *fungsi kangge damel tuturan langkung alus* menawi tembung **mbaureksa** dipuntandhingaken kaliyan tembung lelembut ingkang njagi Merapi utawi lelembut ingkang nguwasani Merapi.

**g. *Konotasi tidak pantas ingkang gadhah fungsi kangge nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes***

(7) 'Pembalap tenan apa karena salah srawung karo bocah kang **ugal-ugalan**.' (AWOK/6/8)

Data (7) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung *konotasi tidak pantas* awujud tembung **ugal-ugalan**. Tembung **ugal-ugalan** kalebet *konotasi tidak pantas* amargi tembung menika nuwuhaken raos ingkang kirang sae menawi katunjukaken dhateng tiyang sanes. Miturut Bausastra Jawa (*Kamus Basa Jawa*

*Edisi Kedua*) tembung **ugal-ugalan** gadhah teges tiyang ingkang gadhah sipat ndhugal, kurang ajar utawi nakal. Tembung **ugal-ugalan** gayut kaliyan tindak tandhuk ingkang dipunanggep awon dening masarakat umum. Menawi dipuntingali saking perkawis menika, tembung **ugal-ugalan** wonten ing data (7) kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi tidak pantas*.

Miturut *konteks* ukaranipun, dipuncariyosaken bilih Danang sakderengipun mlebet SMA kalebet putra ingkang pinter saha manut kaliyan tiyang sepuhipun, ananging sakmenika ewah dados putra ingkang wantun marang tiyang sepuhipun, ndherek balapan, saha asring madat. Menawi dipuntingali saking perkawis menika tembung **ugal-ugalan** wonten ing data (7) gadhah *fungsi* kangge nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanesipun amargi wonten ing data (7) tembung **ugal-ugalan** nuwuhaken raos ingkang boten sae menawi dipunpirengaken.

#### **h. Konotasi kasar ingkang gadhah fungsi kangge nedahaken raos nesu dhateng tiyang sanes**

- (8) “Biyen aku wis mrintah kowe, supaya bayi **buntung** sing sikile mung siji thok kuwi ditinggal ana rumah sakit utawa diwenehake menyang panti asuhan. Nanging kowe tetep ngeyel. Dadine ya kaya ngene iki, isane mung gawe repot saha isin thok!” (JK/8/1)

Data (8) pethikan cerkak ing nginggil ngemu tembung ingkang kalebet makna *konotasi kasar* awujud tembung **buntung**. Tembung **buntung** kalebet makna *konotasi kasar* amargi tembung menika nuwuhaken raos ingkang kirang sae saha raos kasar menawi katunjukaken dhateng tiyang sanes. Miturut Bausastra Jawa (*Kamus Basa Jawa Edisi Kedua*) tembung **buntung** gadhah teges tugel sikile (mawi kewan) utawa buntute. Padatanipun tembung **buntung** dipunginakaken kangge kewan, ananging wonten ing data (8) menika tembung **buntung** katunjukaken dhateng tiyang sanesipun. Menawi dipuntingali saking perkawis menika, tembung **buntung** wonten ing data (8) kalebet ing makna *konotasi kasar*.

Miturut *konteks* ukaranipun, tembung **buntung** dipunandharaken dening Pak Sukro dhateng garwanipun. Tembung **buntung** katunjukaken dhateng putranipun Pak Sukro ingkang nama Jukri. Jukri menika gadhah *fisik* ingkang cacat, inggih menika namung gadhah setunggal suku. Pak Sukro boten trima saha boten saged nampi kasunyatan menika, ingkang damel Pak Sukro nandang isin amargi

gadhad putra boten kados lare umumipun ingkang gadhad *fisik* jangkep. Pak Sukro ugi isin amargi Jukri menika kalebet lare ingkang kirang pinter wonten ing sekolah.

Miturut andhaaran wonten ing nginggil tembung **buntung** wonten ing data (8) pethikan cerkak menika kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi kasar* ingkang gadhad *fungsi* kangge nedahaken raos nesu dhateng tiyang sanes. Saking cariyosipun, ukara ingkang ngemu raos nesu menika dipunandharaken dening Pak Sukro dhateng putranipun piyambak ingkang nama Jukri.

**i. Konotasi keras ingkang gadhad fungsi kangge nyagetaken kahanan**

(9) ‘Bareng tekan omah kontrakane, sepiro kagete Yasin bareng weruh yen omah kontrakane **kosong mlompong**.’ (KNN/18/1)

Data (9) ngemu tembung ingkang kalebet tembung makna *konotasi keras* awujud *frasa kosong mlompong*. *Frasa kosong mlompong* kalebet ing makna *konotasi keras* amargi *frasa* menika kalebet tembung *hiperbola*. Tembung *hiperbola* inggih menika tembung ingkang gadhad *fungsi* kangge nyagetaken kahanan utawi tuturan. Tembung *hiperbola* dados salah satunggaling jinis tembung ingkang dados titikanipun tembung ingkang kalebet ing jinising makna konotasi keras. Menawi dipuntingali saking perkawis menika, tembung **kosong mlompong** wonten ing data (9) kalebet tembung ingkang ngemu makna *konotasi keras*.

Tembung kosong gadhad teges kopong boten wonten isinipun, wondene tembung mlompong gadhad teges bolong. *Frasa kosong mlompong* gadhad teges boten wonten isinipun. Miturut *konteks* ukaranipun, *frasa kosong mlompong* gadhad *fungsi* kangge nyagetaken kahanan. Kahanan ingkang kosong boten wonten isinipun.

Miturut cariyosipun, ukara menika dipunginakaken panganggit kangge paring gambaran kahanan kontrakanipun Pak Yasin ingkang ing salebetipun kontrakan boten wonten menapa-menapa. Samubarang ingkang wonten ing kontrakan sampun dipunpendheti dening Ermin, inggih menika wanita ingkang badhe dipunlamar dening Pak Yasin. Data (9) pethikan cerkak ing nginggil ngemu makna *konotasi keras* ingkang gadhad *fungsi* kangge nyagetaken kahanan, inggih menika kahanan kontrakanipun Pak Yasin ingkang boten wonten barang menapa-menapa amargi sampun dipunpendheti dening Ermin.

**a. Konotasi keras ingkang gadhah fungsi nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes**

(10) “Ya, terus sak bejatmu nggone arep **khotbah** marang aku. Mung wong loro we kok ramene ra ilok.” (AMJ/9/1)

Data (10) pethikan cerkak ing nginggil ngemu makna *konotasi keras* awujud tembung **khotbah**. Tembung **khotbah** menika gadhah teges salah satunggaling cara kangge ngandharaken bab tartamtu kanthi basa *lisan* ing sangajenging tiyang kathah. Tembung **khotbah** asring dipunginakaken dening tiyang ingkang ngandharaken bab agama. Tuladhanipun wonten ing agama Islam panganggening tembung **khotbah** katunjukaken kangge cara ngandharaken ceramah wonten ing solat Jumat.

Menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun, tembung **khotbah** wonten ing data (10) ngemu *sindiran* ingkang katunjukaken dhateng tiyang sanes. Tembung **khotbah** dipunandharaken dening Bimo ingkang katunjukaken dhateng Amir ingkang ngandharaken bab angka mujur. Saengga tembung **khotbah** ing data (10) menika gadhah teges ndukani. Dipuntingali saking cariyosipun Amir menika ndukani Bimo ingkang boten percaya dhateng menapa ingkang dipunandharaken dening Amir. Amargi gadhah pamanggih ingkang beda, Bimo menika ngandharaken tembung *sindiran* ingkang katunjukaken dhateng Amir.

Miturut andharan menika tembung **khotbah** wonten ing pethikan cerkak data (10) kalebet tembung *sindiran*. Panganggening tembung *sindiran* menika kalebet ing salah satunggaling titikan bilih tembung menika kalebet ing konotasi keras. Adhedhasar andharan menika tembung **khotbah** wonten ing data (10) kalebet tembung ingkang ngemu makna konotasi keras kanthi fungsi nedahaken raos boten remen dhateng tiyang sanes.

## **E. DUDUTAN SĀHĀ PAMRAYOGI**

### **1. Dudutan**

Kathahipun jinis makna konotatif ingkang kapanggihaken wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 nedahaken bilih wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 ngginakaken makna konotatif ingkang jinisipun *variatif*. Wondene kathahipun

*fungsi* makna konotatif ingkang kapanggihaken menika nedahaken bilih panganggening makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 gadhah *fungsi* kangge damel pawicantenan kados dene wonten ing pawicantenan basa padintenan. Satemah cariyos wonten ing cerkak saged langkung endah saha langkung urip kados dene prastawa wonten ing padintenan.

## **2. Implikasi**

Asiling panaliten menika saged paring seserepan dhateng pamaos babagan basa Jawi mliginipun panganggening makna konotatif wonten ing cerkak. Panganggening makna konotatif wonten ing cerkak Kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 dipunginakaken dening panganggit kangge ngandharaken cariyos wonten ing cerkak saha paring gambaran prastawa utawi raos wonten ing cerkak.

Pirembagan babagan makna konotatif, jinising makna konotatif, *fungsi* makna konotatif saha tegesipun makna konotatif menika saged paring seserepan dhateng para pangangge basa Jawi saha masarakat Jawi (mliginipun mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah UNY) ingkang badhe nyinau babagan makna konotatif. Pangangge basa Jawi saged nyinau babagan panganggening makna konotatif utawi pamilihing tembung ingkang saged nuwuhaken raos inggil saha endah. Jumbuh kaliyan pamulangan basa mliginipun basa Jawi, asiling panaliten menika ugi saged dipunginakaken minangka materi pembelajaran. Materi makna konotatif saged kangge gladhen ngronce tetembungan ingkang endah kanthi trep saha runtut.

## **3. Pamrayogi**

Asiling panaliten menika manggihaken bilih panganggening makna konotatif wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 saged ngasilaken raos inggil saha endah tumrap cerkak menika. Adhedhasar asiling panaliten saha dudutanipun ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil menika panaliti badhe paring pamrayogi dening pamaos. Pamrayoginipun inggih menika supados wonten panaliten salajengipun ngrembag babagan sanes, kadosta babagan wujudipun tembung ingkang kalebet ing makna konotatif utawi

wujud *satuan lingual bahasa* ingkang wonten ing cerkak kalawarti Djaka Lodhang wulan Januari-Maret warsa 2014 ingkang gayut kaliyan makna konotatif.

## KAPUSTAKAN

- Alawasilah, Chaedar. 1985. *Linguistik Sastra Pengantar*. Bandung: Angkasa
- Aminuddin. 1988. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Penerbit Sinar Baru Algensindo
- Chaer, Abdul. 1989. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi*. Yogyakarta: Kanwa Publisher
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Sasangka, Tjatur Wisnu. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti
- Subalidinata, R. S. 1981. *Seluk Beluk Kesastraan Jawa*. Yogyakarta: Keluarga Mahasiswa Sastra Nusantara Fakultas Sastra dan Kebudayaan Universitas Gadjah Mada
- Soedjito. 1992. *Kosa Kata Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa